



Tès Klinik

Clinical Trials

Ou te ka tandé mo “tès klinik” epi ou t ap mande kisa sa ye. Tès klinik yo se yon fason pou yo jwenn dènye tretman pou kansè.

Lè ou aprann tout sa ou kapab ak lè ou pale avèk doktè ou oswa enfimyè ou ak manm fanmi ou ak zanmi ou yo sa kapab ede ou deside si yon tès klinik bon pou ou. Ou se sèl moun ki kapab fè chwa pou patisipe nan tès klinik.

Kisa tès klinik yo ye?

Tès klinik yo se etid rechèch yo fè avèk volontè. Etid sa yo teste si yon nouvo tretman san danje ak fason li efikas. Tès klinik yo ka teste tou nouvo fason pou jwenn oswa evite yon maladi. Etid sa yo te fasilite yo jwenn anpil nouvo fason pou evite, dekouvri ak trete kansè.

Objektif tès klinik yo

Yo fè tès klinik yo pou jwenn analize nouvo tretman yo oswa nouvo pwosedi yo depre. Yo fè yon tès klinik sèlman lè gen bon rezon pou kwè tretman an oswa tès y ap etidye ka pi bon pase youn y ap itilize kounye a (tretman estanda a). Tretman yo itilize nan tès klinik yo itil moun souvan. Si sa rive, yo ka kontinye vin tretman estanda a.

Tès klinik yo kapab teste bagay tankou:

- Nouvo medikaman FDA (Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman) pòk apwouve.
- Nouvo itilizasyon pou medikaman yo apwouve deja

- Tretman, tankou radyo-terapi oswa operasyon
- Remèd fèy ak vitamin
- Nouvo fason pou melanje tretman yo

Chèchè yo etidye nouvo tretman yo pou yo eseye reponn kesyon tankou sa yo:

- Èske tretman an ap itil?
- Ki pi bon fason pou bay li?
- Èske l ap efikas pi byen pase lòt tretman y ap itilize kounye a?
- Ki reyaksyon negatif tretman an lakòz?
- Ki pasyan k ap pi kapab jwenn èd nan tretman sa a?

Ki efè k ap genyen nan yon tès klinik

Si ou nan yon tès klinik, w ap gen yon ekip espè k ap pran swen ou epitou k ap siveye pwogrè ou deprè. Ou ka jwenn plis vizit doktè ak tès laboratwa pase sa ou ta jwenn avèk tretman estanda ou.

Men gen kèk risk. Pèsòn pa konnen davans si tretman an pral efikas oswa sèlman ki reyaksyon negatif ou ta ka genyen. Se sa etid la ap eseye konnen. Menmsi pifò reyaksyon negatif yo ale apre yon sèten tan, kèk ladan yo ka dire lontan oswa yo ka menm menase lavi ou. Men toujou sonje sa vrè pou reyaksyon negatif yo pou tretman estanda yo tou.

Fason pou deside pou antre nan yon tès klinik

Si ou ta renmen patisipe nan yon tès klinik, kòmanse mande doktè ou si klinik ou oswa lopital ou fè tès klinik. Ou dwe satisfè sèten kondisyon, tankou pou gen yon sèten kalite kansè oswa pou pa ansent, pou ou kapab patisipe nan yon tès klinik. Men se oumenm sèlman ki pou deside patisipe.

Patisipasyon ou nan yon tès klinik p ap anpeche ou resevwa nenpòt swen medikal ou ka bezwen. Epitou ou libelibè pou soti nan tès klinik lan nenpòt lè, pou nenpòt rezon.

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès klinik yo pou kalite kansè ou, pale avèk doktè ou oswa enfimyè ou.

Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) kapab reponn kesyon ou yo sou tèz klinik yo tou. Nou kapab ba ou yon lis tèz klinik y ap fè pou kalite kansè ou. (W ap bezwen di nou kichòy sou ou ak sou kalite kansè ou.) Rele nou nan nimewo 1-800-303-5691, oswa jwenn Sèvis Korespondans avèk Tèz klinik (Clinical Trials Matching Service) nou sou sitwèb nou nan www.cancer.org/clinicaltrials.

Language: Haitian Creole

Last Medical Review: 11/17/2015

Last Revised: 01/23/2018

2016 Copyright American Cancer Society

For additional assistance please contact your American Cancer Society
1-800-227-2345 or www.cancer.org